

4 Fevriye 2026

Chè Fanmi:

Chak ane, chak lekòl piblik ak distri lekòl nan Massachusetts resevwa yon bilten kanè. Kòm kanè pitit ou montre kijan yap pèfòme nan diferan matyè, bilten kanè lekòl la fèt pou montre fanmi yo kijan lekòl nou yo ap pèfòme nan diferan zòn. Wap jwenn yon lyen pou bilten kanè nou yo ki disponib nan.

<https://reportcards.doe.mass.edu/2025/DistrictReportcard/04290000>.

Bilten kanè a gen ladan plizyè mezi sou pèfòmans yon lekòl – plis pase nòt MCAS sèlman. Li reprezante yon nouvo fason pou gade pèfòmans yon lekòl, lè ou bay enfòmasyon sou akonplisman yon elèv, kalifikasyon pwofesè, opòtinite ansèyman elèv, ak plis ankò.

Bilten Kanè a fèt pou li kapab yon zouti itil pou tout moun ki konekte nan lekòl nou an. Fanmi yo ka itilize enfòmasyon pou gen konvèsasyon konstruktif avèk nou sou pèfòmans lekòl la epi si gen plas pou amelyorasyon. Lidè edikasyon ak kominotè yo ka itilize enfòmasyon an pou pi byen konprann kijan pou sipòte elèv ak lekòl nou an.

Finalman, si pitit ou enskri nan yon lekòl ki resevwa lajan federal Tit I, ou gen dwa tou pou mande enfòmasyon ki annaprè a sou kalifikasyon pwofesè yo nan salklas pitit ou:

- Kesewa pwofesè pitit ou gen lisans nan nivo klas la ak matyè yap anseye a,
- Kesewa pwofesè pitit ou an ap anseye avèk yon lisans ijans oswa yon egzansyon,
- Degre kolèj ak spesyalite pwofesè pitit ou, ak
- Kesewa para-pwofesyonèl la bay pitit ou sèvis epi, si se konsa, kalifikasyon yo.

Si ou gen kesyon sou bilten kanè lekòl nou an, ou ta renmen vin ptisipe nan aktivite amelyorasyon lekòl la, oswa ou ta renmen mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè salklas pitit ou an, tanpri kontakte direktè lekòl ou a. Pou w gade bilten kanè distri nou an oswa pou chèche bilten kanè lòt lekòl, vizite reportcards.doe.mass.edu.

Kòdyalman,


Elsy Estevez-Hicks, Direktè Lekòl, KALE

Deborah Mariano, Direktè Lekòl, KAL

Kerri Brown, Direktè Lekòl, KALC

APRANN PLIS SOU LEKÒL MASSACHUSSETTS YO!

Report Card



Chèche bilten kanè
lekòl ou an nan:
reportcards.doe.mass.edu


5 Fè Rapid

SOU BILTEN KANÈ LEKÒL LA

1. Menm jan bilten kanè yon elèv montre kijan yap pèfòme nan diferan matyè, bilten kanè lekòl la montre kijan yon lekòl oswa distri ap pèfòme nan diferan domèn.
2. Bilten kanè a gen ladan plizyè enfòmasyon, plis pase nòt MCAS sèlman.
3. Bilten kanè Lekòl la montre enfòmasyon ki pi enpòtan pou fanmi Massachusetts yo.
4. Bilten kanè lekòl la idantifye domèn kote yon lekòl ap byen pèfòme ak kote li bezwen amelyorasyon pou asire ke bezwen tout elèv yo satisfè.
5. Direktè ak dirijan distri yo ka itilize bilten kanè a pou sipòte lekòl ak elèv yo pou idantifye fason pou ede lekòl yo kontinye amelyore pandan letan.

Fanmi yo se kolaboratè enpòtan nan siksè elèv Massachusetts yo. Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts angaje pou bay fanmi yo enfòmasyon detaye, kidonk yap gen yon pi bon konpreyansyon sou edikasyon pitit yo.

Vizite reportcards.doe.mass.edu pou w jwenn bilten kanè pou chak lekòl piblik nan eta a.



MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF
ELEMENTARY AND SECONDARY
EDUCATION

Glosè Bilten Kanè

ENFÔMASYON JENERAL

Enfòmasyon debaz sou lekòl la oswa distri a.

Estatit Tit I: Kesewa lekòl la resewva lajan Tit I. Lekòl ak distri yo ki gen yon gwo popilasyon elèv ki soti nan fanmi ki gen revni fèb kap resewva lajan sibvansyon federal Tit I pou ede asire ke tout timoun yo reponn a difikilte estanda akademik eta.

PWOFESÈ AK ELÈV YO

Enfòmasyon sou enskripsyon elèv ak kalifikasyon pwofesè.

Elèv ki gen andikap: Elèv yo ki gen bezwen spesyal ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividalize [Individualized Education Program (IEP)].

Defavorize Ekonomikman: Elèv yo kap resewva asistans atravè Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanntè [Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)], Asistans Tranzisyonèl pou Fanmi yo ki gen Timoun Depandan [Transitional Assistance for Families with Dependent Children (TAFDC)], Pwogram Swen Adoptif Depatman Timoun ak Fanmi [Department of Children and Families' (DCF) foster care program], oswa MassHealth.

Bezwen Elve: Elèv yo ki apateni nan youn oswa plis nan gwoup elèv ki annaprè yo: elèv ki gen andikap, ansyen elèv oswa elèv aktyèl yo kap aprann Angle, ak/oswa elèv ki gen dezavantaj ekonomik.

Ekivalans Aplantan: Kantite pozisyon pwofesè aplantan nan lekòl oswa nan distri a. Gen pozisyon pwofesè ki atan pasyèl e kidonk yo rapòte kòm yon desimal (pa egzanp, 0.8).

OPÒTINITE AKADEMIK

Enfòmasyon sou patisipasyon elèv yo nan kou ki vas ak difisil.

Kou avanse: Kou yo konsidere kòm avanse gen ladan Plasamn Avanse, Bakaloreya Entènasyonal, doub enskripsyon, ak nenpòt lòt klas difisil nan yon varyete matyè.

MassCore: MassCore se yon pwogram etid eta-rekòmande ki chita sou kou debaz minimòm ki nesèsè pou reponn a atant katran kolèj ak travay. MassCore gen ladan kat inite Angle, kat inite matematik, twa inite syans ki baze sou laboratwa, twa inite istwa, de inite nan menm lang etranje, yon inite ar, ak senk lòt kou debaz siplemanntè.

PREZANS AK DISIPLIN ELÈV

Enfòmasyon sou prezans ak disiplin elèv.

Absans Kwonik: Pousantaj elèv ki manke 10 pousan oswa plis nan ane lekòl la (pa egzanp, 18 oswa plis jou nan yon ane lekòl jeneral 180-jou).

Disiplin Elèv: Pousantaj elèv ki sispann, ekspilse, oswa retire nan aktivite regilye salklas akoz yon rezilta konpòtman negatif.

SIKSÈ APRE LEKÒL SEGONDÈ

Enfòmasyon sou gradyasyon, abandon, ak pousantaj elèv ki pral lekòl.

Rezilta Lekòl Segondè: Gradyasyon, abandon, ak enfòmasyon sou elèv ki prale nan kolèj rapòte pou lekòl ak distri yo kap sèvi elèv yo ki nan klas 9^{yèm} jiska 12^{yèm} ane.

PÈFÔMANS ELÈV NAN TÈS ETA

Enfòmasyon sou pèfòmans elèv yo nan tès Sistèm Evalyasyon Konpreyansif Massachusetts [Massachusetts Comprehensive Assessment System (MCAS)]. Chak ane, elèv yo ki nan klas 3^{yèm} jiska 8^{yèm} ak 10^{yèm} ane pran tès MCAS nan Literati Angle (ELA) ak matematik, e elèv yo ki nan klas 5^{yèm}, 8^{yèm} ak 10^{yèm} ane pran tès MCAS nan syans.

Akonplisman: Nòt MCAS Elèv yo.

Kwasans Elèv: Pousantaj kwasans elèv la (SGP) montre kijan nòt MCAS yon elèv konpare avèk lòt elèv yo ki genyen menm nòt MCAS anvan. SGP yon lekòl oswa distri reprezante kwasans mwayèn pou lekòl oswa distri a.

DEPANS

Enfòmasyon sou kantite lajan ki depanse pou chak elèv.

Dola ki depanse pou chak elèv: Kantite lajan an varye baze sou enskripsyon, anplwaye, pwogram spesyal, ak bezwen elèv yo nan lekòl la.

RESPONSABLITE

Enfòmasyon sou lekòl la oswa rezilta responsablite pi resan distri a. Sistèm responsablite a pote ansanm yon seri mezi nan fason pou bay enfòmasyon ki klè sou aksyon osijè distri a ak pèfòmans lekòl la ki kapab itilize pou ede lekòl yo amelyore.

Pwogrè sou Objektif Amelyorasyon: Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts (DESE) fikse objektif amelyorasyon chak ane, oswa objektif, pou chak distri ak lekòl. Objektif yo fikse pou reyisit, kwasans, pwogrè pou elèv kap aprann Angle yo, absans kwonik, achèyman lekòl segondè, ak achèyman kou avanse. Yo prevwa pou distri ak lekòl yo fè pwogrè chak ane nan direksyon objektif sa yo nan fason pou amelyore pèfòmans elèv la, e DESE rapòte sou pwogrè distri ak lekòl chak ane.

Pousantaj responsablite: Pousantaj responsablite endike kijan yon lekòl ap pèfòme anjeneral konpare avèk lòt lekòl yo. Pousantaj yon lekòl kalkile lè ou konbine enfòmasyon ki gen rapò avèk akonplisman, kwasans, pwogram pou elèv yo kap aprann Angle, kwonik absans, achèyman lekòl segondè, ak achèyman kou avanse. Lekòl yo ki gen pousantaj ki pi elve jeneralman pèfòme pi byen, e lekòl yo ki gen yon fèb pousantaj jeneralman gen yon fèb pèfòmans. Distri yo pa resewva yon pousantaj responsablite.

Klasifikasyon Anjeneral: Yo plase lekòl ak distri yo an de kategori: sila yo ki bezwen asistans oswa entèvansyon eta, ak sila yo ki pa bezwen l. Yon ti kantite lekòl ak distri yo, sa ki gen ladan sila yo ki nouvo oswa ki pitit anpil, yo klase kòm lekòl oswa distri ki "pa gen ase done."

2025 School Report Card

Fanmi ak kominote yo se patnè enpòtan nan siksè yon lekòl. Menm jan kanè yon elèv montre jan yo ap fè pèfòmans, kanè lekòl la montre kijan yon lekòl ap fè nan plizyè domèn. Li montre fòs lekòl la ak defi ki bezwen adrese pou asire lekòl la satisfè bezwen tout elèv yo.

KIPP Academy Lynn Charter School

KIPP Academy Lynn Charter (Distrik)

Direktè a

Emily Dobell, Rhonda D Barnes,
Zachary L Trotsky

Klas yo te sèvi

K,01,02,03,04,05,06,07,08,09,10,
11,12

Sit entènèt

www.kippma.org

Adrès

90 High Rock Street, Lynn, MA
01902

Telefòn

781-598-1609

Estati Tit I


Lekòl Tit I

► Ki moun ki elèv ak pwofesè nou yo?


Elèv yo

Enskripsyon elèv yo


Kantite total elèv ki enskri, enkli pre-matènèl (PK), jadendanfan (K), ak elèv ki ale pi lwen pase 12yèm ane.



Lekòl nou an



Distri nou an




Massachusetts


Demografik elèv yo

The percentage of students enrolled, by race/ethnicity and by selected population. Selected populations include Students with Disabilities, English Learners and Former English Learners, students from low income families, and High Needs students (students who belong to one or more of the other selected population groups).


 ▼



Lekòl nou an



Distri nou an



Massachusetts

[Gade plis done enskripsyon an detay](#)

Pwofesè yo

Mendèv Pwofesè

Yo rapòte kantite pwofesè nan yon lekòl oswa yon distri dapre ekivalans aplentan. Nimewo sa a reprezante kantite pòs aplentan pwofesè yo ranpli.


Our School : 118.6

Our District : 118.6


Massachusetts : 77,220.8

Kalifikasyon Pwofesè


Pousantaj pwofesè ki gen lisans, pousantaj pwofesè ki gen lisans nan matyè yo anseye a, ak pousantaj pwofesè yo konsidere kòm ki gen eksperyans, sa vle di yo ap anseye nan yon lekòl leta Massachusetts pou omwen 3 zan. Nan kèk lekòl, tankou charter schools, pwofesè yo pa oblije gen yon lisans pwofesè.



Lekòl nou an



Distri nou an



Massachusetts

- Pwofèsè ki gen lisans
- Pwofèsè ki gen lisans nan matyè yo anseye a
- Pwofèsè ki gen eksperyans

[Gade plis enfòmasyon detaye sou pwofèsè yo](#)


► Ki opòtinite akademik ki disponib pou elèv nou yo?

Aksè nan travay kou laj ak defi


Tout Elèv yo ▼

Aksè nan Atizay


Pousantaj elèv ki patisipe nan yon kou atistik. Kou Atizay yo enkli atizay vizyèl, mizik, teyat, dans, ak boza jeneral.



Lekòl nou an



Distri nou an




Massachusetts


[Gade plis enfòmasyon detaye sou boza](#)

Aksè nan alfabetizasyon dijital ak kou syans enfòmatic


Pousantaj elèv ki konplete omwen yon kou alfabetizasyon dijital oswa syans enfòmatrik.



Lekòl nou an



Distri nou an




Massachusetts


[Gade plis enfòmasyon detaye sou kou alfabetizasyon dijital ak syans enfòmatrik](#)

Konplete Kou Avanse


Pousantaj elèv klas 11yèm ak 12yèm ane ki konplete omwen yon kou avanse. Kou avanse yo enkli: Plasman Avanse, Bakaloreya Entènasyonal, Project Lead the Way, enskripsyon doub pou kredi, pwogram koperativ pwofesyonèl/teknik apwouve, ak lòt kou solid.



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts

Grade 9 Course-Passing


Pousantaj elèv ki pase tout kou yo nan klas 9yèm ane. Nan Massachusetts, yon elèv gen kat fwa plis chans pou l fini lekòl segondè si yo pase tout klas yo nan klas 9yèm ane.



Lekòl nou an



Distri nou an




Massachusetts


Gade plis enfòmasyon detaye pou pase klas 9yèm ane

Konplete MassCore


Pousantaj gradye nan lekòl segondè ki konplete MassCore. Pwogram etid MassCore a gen ladann: kat ane anglè, kat ane matematik, twa ane syans ki baze sou laboratwa, twa ane istwa, de ane nan menm lang mondyal la, yon ane nan yon pwogram boza ak senk "debaz" adisyonèl. " kou.



Lekòl nou an



Distri nou an



Massachusetts

[Gade plis detay MassCore done](#)

► Ki jan prezans ak disiplin elèv yo sanble nan lekòl nou an?


Prezans ak disiplin elèv yo

Tout Elèv yo ▼


Prezans

POUSANT PREZANS


Pousantaj jou elèv yo prezan. Pou yo ka prezan, yo dwe anseye elèv yo pou omwen mwatye jounen lekòl la.



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts

TAS Kwonik Absans


Pousantaj elèv ki rate plis pase 10 pousan ane lekòl la. Nan yon ane lekòl tipik 180 jou, sa reprezante pousantaj elèv ki manke 18 jou oswa plis lekòl.



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts

Kantite Mwayèn Jou Absan


Kantite mwayèn jou lekòl yon elèv rate nan yon ane lekòl.



Lekòl nou an



Distri nou an




Massachusetts

[Gade plis enfòmasyon detaye sou prezans yo](#)


Disiplin Elèv

Ensidan yo rapòte


Pousantaj elèv yo sispann (andan ak deyò lekòl la) oswa ekspilse.



Lekòl nou an



Distri nou an



Massachusetts

- Sispansyon nan lekòl la
- Sispansyon andeyò lekòl la
- Ekspilsyon

Pousantaj elèv yo refere yo bay lapolis, yo arete nan lekòl la oswa pandan aktivite lekòl andeyò lakou lekòl la, oswa yo retire yo nan aktivite regilye nan salklas akòz vyolans. Arestasyon ki baze nan lekòl yo konsidere tou kòm referans bay lapolis.

0.0% % 0.0%
2025

Lekòl nou an

0.0% % 0.0%
2025

Distri nou an

0.0% % 0.0%
2025

Massachusetts

Arete ki baze nan lekòl

Ensidans Vyolans

Lòt Referans bay Lapolis

[Gade plis enfòmasyon detaye sou disiplin](#) | [Gade done Koleksyon Done Dwa Sivil Federal yo](#)

► [Ki jan elèv nou yo prepare pou siksè apre lekòl segondè?](#)


Rezilta lekòl segondè

Tout Elèv yo ▼


Fini Lekòl Segondè

Pousantaj gradyasyon


The graduation rate is the percentage of students who graduate from high school within 4 or 5 years.



Lekòl nou an



Distri nou an



Massachusetts


■ Pousantaj
gradyasyon 4 ane

■ Pousantaj
gradyasyon 5 ane


[Gade plis detay gradyasyon
done](#)

Pousantaj Anyèl abandone


Pousantaj anyèl abandone lekòl la se pousantaj elèv ki nan klas 9yèm jiska 12yèm ane ki kite lekòl nan yon ane bay san yo pa gradye oswa transfere nan yon lòt lekòl.



Lekòl nou an



Distri nou an




Gade plis enfòmasyon detaye sou abandon


Enskripsyon apre lekòl segondè

Pousantaj nan kolèj


Pousantaj pou ale nan kolèj se pousantaj elèv ki gradye nan lekòl segondè ki enskri nan edikasyon apre lekòl segondè apati 1ye mas nan ane apre yo fin gradye nan lekòl segondè. Edikasyon apre segondè gen ladan kolèj kominotè, kolèj, ak inivèsite; enstitisyon piblik ak prive; Enstitisyon 2-ane ak 4-ane; ak enstitisyon tou de nan ak andeyò Massachusetts.



Lekòl nou an



Distri nou an



[Gade plis done enskripsyon apre lekòl segondè](#)

► Ki jan elèv nou yo fè nan tèl leta yo?


Pèfòmans elèv nan MCAS

Akonplisman Elèv


The percentage of students scoring at each achievement level on the English language arts, mathematics, science, and civics MCAS tests.

Tout Elèv yo ▼


ATI LANG ANGLE (KLAS 03-08)



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts

■ Depase Atant ■ Rankontre Atant ■ Pasyèlman satisfè ■ Pa satisfè Atant


MATEMATIK (KLAS 03-08)



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts

■ Depase Atant ■ Rankontre Atant ■ Pasyèlman satisfè ■ Pa satisfè Atant


ATI LANG ANGLE (KLAS 10yèm)



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts

- Depase Atant
 - Rankontre Atant
 - Pasyèlman satisfè
 - Pa satisfè Atant
- Atant


MATEMATIK (KLAS 10YÈM)



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts

- Depase Atant
 - Rankontre Atant
 - Pasyèlman satisfè
 - Pa satisfè Atant
- Atant


Syans (Klas 05 ak 08)



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts

- Depase Atant
- Rankontre Atant
- Pasyelman satisfè
- Pa satisfè Atant


Syans (Klas 10)



Lekòl nou an



Distri nou an




Massachusetts


- Depase Atant
- Rankontre Atant
- Pasyelman satisfè
- Pa satisfè Atant

Remak: Yo pa bay rezilta 10yèm ane STE pou prentan 2021 paske elèv ki nan klas 2023 yo pa t oblije pran tès STE a.


CIVICS GRADE 08



Lekòl nou an



Distri nou an



Massachusetts

- Depase Atant
- Rankontre Atant
- Pasyèlman satisfè
- Pa satisfè Atant

[Gade done plis detay sou siksè](#) | [Gade done Massachusetts NAEP](#) | [Gade done ACCESS pou ELL yo](#)


Pwogrè Elèv

Kwasans elèv mezire kantite pwogrè akademik yon elèv te fè pandan ane a, dapre MCAS. Li konpare pèfòmans MCAS yon elèv ak lòt elèv ki gen menm nòt MCAS pase yo. Yo rapòte kwasans nan yon echèl ki soti


nan 1 rive nan 99, ak nimewo ki pi ba yo ki reprezante pi ba pwogrè ak nimewo ki pi wo yo ki reprezante pi gwo pwogrè. Yon nòt kwasans mwayèn ant 40 ak 60 vle di ke distri a oswa lekòl la ap fè pwogrè tipik.

Tout Elèv yo


ENGLISH LANGUAGE ARTS (GRADES 04-08)



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts


MATHEMATICS (GRADES 04-08)



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts


ATI LANG ANGLE (KLAS 10yèm)



Lekòl nou an




Distri nou an




Massachusetts


MATEMATIK (KLAS 10YÈM)



Lekòl nou an



Distri nou an



Massachusetts


[Gade plis enfòmasyon detaye sou kwasans elèv yo](#)

► Konbyen lekòl nou an depanse pou chak elèv?


Finans

Dola ki depanse pou chak elèv


Dola total depanse pou chak elèv, dekonpoze pa sous lajan an. Finansman soti nan sous federal, leta ak lokal yo. Kantite lajan ki depanse pou chak elèv depann de anpil faktè, tankou enskripsyon elèv, anplwaye, pwogram espesyal, ak si lekòl la resevwa sibvansyon leta oswa federal.



Lekòl nou an



Distri nou an



Massachusetts

■ Fon Eta ak Lokal
 ■ Fon Federal

[View more detailed per pupil spending data](#)

► Ki jan lekòl nou an ap mache nan sistèm responsablite eta a?

Responsablite

Yon sistèm responsablite rasanble yon seri mezi pou bay enfòmasyon klè ak aksyon sou pèfòmans distri ak lekòl la. Nan Massachusetts, rezilta responsablite yo kalkile lè l sèvi avèk enfòmasyon ki gen rapò ak pèfòmans elèv nan egzamen eta a, absans kwonik, fini lekòl segondè, ak fini travay kou avanse.

Pwogrè nan objektif amelyorasyon

Massachusetts fikse objektif amelyorasyon anyèl pou chak distri ak lekòl. Yo fikse objektif pou reyisit, kwasans, pwogrè elèv k ap aprann angle, absans kwonik, fini lekòl segondè, ak fini travay kou avanse. Yo konsidere distri ak lekòl ki gen yon pousantaj sib 75% oswa pi wo k ap atenn oswa depase objektif yo.



Lekòl nou an ap fè pwogrè modere nan objektif pou pifò mezi responsablite yo.

Pousantil Responsablite

Persantil responsablite (1-99) endike ki jan yon lekòl ap pèfòme an jeneral konpare ak lòt lekòl ki administre tès MCAS ki sanble. Yo kalkile lè yo konbine enfòmasyon ki gen rapò ak siksè, kwasans, pwogrè elèv k ap aprann angle, absans kwonik, fini lekòl segondè, ak fini travay kou avanse. Lekòl ki gen pi gwo percentile yo jeneralman pi bon pèfòmans, e lekòl ki gen pi ba percentile yo jeneralman pi ba pèfòmans.



Overall, our school performs better than 64% of middle/high or K-12 schools statewide.

Klasifikasyon jeneral

Massachusetts itilize enfòmasyon ki gen rapò ak pwogrè nan objektif amelyorasyon, percentile responsablite, pousantaj gradyasyon, ak pousantaj patisipasyon MCAS pou detèmine klasifikasyon jeneral chak distri ak lekòl. Pifò distri ak lekòl yo plase nan de kategori: sa yo ki bezwen asistans oswa entèvansyon nan men eta a, ak sa yo ki pa bezwen asistans oswa entèvansyon. Yo klase distri ak lekòl ki nouvo oswa ki piti anpil kòm "done ensifizan".



[Gade plis enfòmasyon detaye sou responsablite yo](#) | [Gade lis responsablite yo](#) | [Deziyasyon Federal](#) | [Aprann plis sou sistèm responsablite a](#)

[View our 2024 report card](#)